दिन–शनि दिनांक–27.04.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक पाँचम चरणक अंतर्गत सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुर मे नामांकनक प्रक्रिया आरम्भ भऽ गेल। काल्हि एहि लोकसभा क्षेत्र सँ कुल नओ उम्मीदवार अपन पर्चा दाखिल कयलनि। सीतामढ़ी सँ जदयूक देवेश चन्द्र ठाकुर आ दू निर्दलीय प्रत्याशी नामांकन पत्र भरलनि। ओतहि, मुजफ्फरपुर सँ भाजपाक राजभूषण निषाद पर्चा दाखिल कयलनि। उम्मीदवार तीन मई धरि नामांकन कऽ सकताह। नामांकन पत्रक जाँच चारि मई कऽ होयत। ओतहि, नाम वापस लेबाक अंतिम तिथि छओ मई अछि। एहि चरणक अंतर्गत बीस मई कऽ मतदान होयब अछि।

---

एम्हर, दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर संसदीय क्षेत्र मे होबयवला चारिम चरणक चुनावक लेल नामांकन पत्रक जाँच पूरा भऽ गेल। एहि संसदीय क्षेत्र सभ मे चौरासी उम्मीदवार नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। एहि मे छप्पन उम्मीदवार के नामांकन पत्र वैध पाओल गेल जखनकि अट्ठाईस उम्मीदवारक नामांकन पत्र रद्द कऽ देल गेल। दरभंगा मे आब बीस उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। ओतहि, उजियारपुर मे तैईस, बेगूसराय मे चौदह, मुंगेर मे तेरह आ समस्तीपुर मे चौदह उम्मीदवार शेष रहि गेलाह अछि। रद्द कयल गेल नामांकन पत्र मे दरभंगाक बारह, उजियारपुरक दस, बेगूसरायक चारि आ समस्तीपुरक दू उम्मीदवार छथि। उम्मीदवार उनतीस अप्रील धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। एहि चारिम चरणक मतदान तेरह मई कऽ होयत।

---

लोकसभा चुनावक तेसर आ चारिम चरणक लेल प्रदेश मे चुनाव प्रचार शुरू अछि। भीषण गर्मी के देखैत प्रदेशभरि मे पैघ रैली कम देखल जा रहल अछि। राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव झंझारपुर लोकसभा क्षेत्र मे बासोपट्टी प्रखंड अंतर्गत ईश्वर सचिदानन्द उच्च विद्यालय के मैदान मे सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री यादव कहलनि जे देश मे इंडी गठबंधनक सरकार बनत तऽ लोकसभ के दू सय यूनिट बिजली आ एक करोड़ युवा के

सरकारी नौकरी देल जायत। ओ कहलनि जे रसोई गैसक दाम घटा कऽ पाँच सय टाका प्रति सिलिंडर कऽ देल जायत। जनसभा के विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनी सेहो सम्बोधित कयलनि। जदयू के राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया लोकसभा क्षेत्रक जिलाध्यक्ष, प्रखंड आ पंचायत सँ जुड़ल पार्टीक पदाधिकारी आ नेता लोकनि सँ वर्चुअल माध्यम सँ बैसक करताह।

——————————————————————

समस्तीपुर आ उजियारपुर लोकसभा क्षेत्र मे मतदान प्रतिशत बढेबाक लेल स्वीप के अंतर्गत समस्तीपुर जिला समाहरणालय सँ मेगा मतदाता जागरूकता रैली निकालल गेल।

——————————————————————

सहरसा जिलाक नौहट्टा मे सीडीपीओ द्वारा मतदाता जागरूकता अभियान चलाओल गेल।

——————————————————————

प्रदेश मे भीषण गर्मी आ लू के प्रकोप जारी अछि। औरंगाबाद, दरभंगा, मोतीहारी, शेखपुरा, जमुई आ खगड़िया जिला मे लू एहेन स्थिति रहल। मौसम विभाग जनौलक जे तीन सँ चारि दिन मे प्रदेश मे भीषण गर्मी सँ राहत के आसार नहि अछि। काल्हि सेहो दरभंगा, औरंगाबाद, मोतिहारी, शेखपुरा, बांका, जमुई, खगड़िया आ पूर्वी चंपारण जिला मे लू के स्थिति बनल रहत। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान दोसर दिन शेखपुरा प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। एतऽ के अधिकतम तापमान तैंतालीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। ओतहि, पटनाक अधिकतम तापमान बियालीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल।

——————————————————————

भीषण गर्मी आ लू के ध्यान मे रखैत दरभंगा जिलाधिकारी राजीव रौशन द्वारा जारी आदेशक आलोक मे जिलाक सभ सरकारी विद्यालय के समय आठ बजे सँ पूर्वाह्न दस बजे के मध्य होयत आ मध्याह्न भोजन दस सँ साढे दस बजे पूर्वाह्न धरि देल जायत। ओतहि, निजी विद्यालयक संचालन पूर्वाह्न एगारह बजे धरि होयत।

——————————————————————

भाजपाक प्रदेश उपाध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद भीम सिंह चन्द्रवंशी द्वितीय चरणक भेल लोकसभा चुनाव पर अपन प्रतिक्रिया व्यक्त करैत कहलनि जे एहि चुनाव मे सेहो प्रथम चरण जकां इंडी गठबंधन के मतदाता सभ नकारि देलनि अछि।

———————————————————

अररिया जिलाक जोकीहाट थाना क्षेत्र सँ पुलिस एक किलो गांजाक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

बेगूसरायक मुफस्सिल थाना क्षेत्रक राष्ट्रीय उच्च पथ संख्या पचपन लऽग दू मोटर साइकिलक टक्कर मे दू लोकनिक मृत्यु भऽ गेल। ओतहि, आन दू लोकनि गंभीर रूपें घायल भऽ गेलाह।

———————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।